# НУР

ISSN 0207-6551
8
2022

6+





Аброкъуэ Беллэ

# ЗЕКIУЭЖЬЭ* СИ ГУМ КЪОХЬЭ

*(ЗекIуэ хьэпшыпхэм,*
*гъуэмылэхэм я усэ.*
*Къыхэгъэща цIэхэм гу лъытэ.*
*Ахэм ящыщ куэд жып*
*псалъалъэм тетщ.)*

Зыплъыхьыгъуэ мазэр къохьэ,
ЗекIуэжьэр сэ къысщохьэ.
Си щIыбилъхьэр зэрызолъхьэ,
Сызыхуейр абы изолъхьэ:

Сэ, хущхъуалъэ, мажьэ, псылъэ,
Фалъэ, мастэ, сабынылъэ,
Сурэттех, мафIэдз, нэрыплъэ,
Топ, шыуан, дзэлъэщI, шыгъулъэ.

Щыгъын лей, шейудз, хьэлыуэ,
Фошыгъу кIанэ, дыд, къэхьэуэ*,
Жэщ уэздыгъэ, къунтх, IэфIыкIэ,
Кхъуей гъэгъуа, хьэкъурт, джэдыкIэ,–

Имыхуар хъуржыным кIуауэ,
Гъуэмылалъэр шхынкIэ къуауэ,
ЗекIуэжьэ нобэ сожьэ.
Телъыджищэ сэ къызожьэ!

* *ЗекIуэжьэ* – зыплъыхьакIуэ *(поход).*
* *Къэхьэуэ* – кофе.


ШЕЙ
шыгъу
фошыгъу

# ПСЫСЭЕПЛЪ

## Томм Мур и псыситхур

Ирланд псысэтх, режиссёр, теплъэрыIуатэ *(комикс)* зэхэзылъхьэ ***Томм Мур*** сабиинэкIэ дунейм йоплъ, сабиипсэкIэ ар зыхещIэ, аращ и псысэхэр цIэрыIуэ щIэхъуари. Псыситхум щыщу щым «Оскар» къыхуагъэфэщащ *(ахэр плъыжькIэ къыхэдгъэщащ)*.

Ирландие лъэпкъым я IуэрыIуатэмрэ я тхыдэмрэ и лъабжьэщ псысэхэр, хуитыныгъэщIэкъу лъэпкъым и щхьэхуит гупсысэхэр холъагъуэ, уи псэр ятхьэкъу, абы я дахагъэм уи нэр ягъэгуфIэ. Хьэлэмэт фщыхъунщ, фигъэгупсысэнщ, феплъ!

Гъэмахуэм и плъыфэхэр «пшыналъэу щызэщIэжьыуэ» сурэтхэр къахэтхащ зи гугъу тщIы псысэхэм.



**Келлс и щэхур – Тайна Келлс (2009)**







## Тенджызым и пшыналъэ – Песнь моря (2014)





## Бегъымбар – Пророк (2014)





## Пшэрыхь – Добытчица (2017)





## Дыгъужь псысэ – Легенда о волках (2020)





ХЪУЭКІУЭН Фатимэ

# Зыплъыхьакlуэ уежьамэ...

*(Хамэ лъэпкъхэм я хабзэ гъэщlэгъуэнхэр)*

Лъэпкъ къэскlэ яlэжщ езым я хабзэ. Ахэр умыщlэу уахуеблагъэмэ, уахэзэгъэну гугъущ. Зыплъыхьакlуэ уежьэмэ, дэ дыбдэlэпыкъунщ, умыщlэ къодгъэщlэнщ. Ухьэзыр?



Пщlэуэ пlэрэ уэ **Тыркум** щыпсэухэм «хьэуэ» зэрыжаlэр?

Я набдзэхэр лъагэу драшейри я щхьэр яlэт. Ар ягъэкlэрахъуэкъым дэ тхуэдэу!

Тыркум ущыхьэщlэу шеяфэ урагъэблэгъамэ, «хьэуэ» яжепlэ хъунукъым, ухуэмейми. Абы къокl я бысымым пщlэ хуумыщlу.



**Шри-Ланкэ** ущыlэмэ, сакъ. Дызэса «нтlэ» мыхьэнэр иlэу уи щхьэр пщlымэ, абы къазэрыгурыlуэнур «хьэуэ» жыпlэущ.

Къэрал куэдым яфlэемыкlущ ущызэпсалъэкlэ уи бзэгур бгъэлъэгъуэну, ауэ **Тибетым** я фlэхъус хыкlэ хабзэщ ар. Пыlэр lэ ижьымкlэ зыщхьэрах, адрей lэр тхьэкlумэ сэмэгу щlыбагъымкlэ ягъэпщкlури, я бзэгур къызэхурадз.



ЩIыбилъхьэ – рюкзак



Хущхъуалъэ – аптечка



Сурэттех – фотоаппарат

Жып псалъалъэ

# ЗЕКIУЭ ХЬЭПШЫПХЭР

**Ипщэ-КъухьэпIэ Азием** щыхабзэкъым нэгъуэщIым и щхьэм улъэIусыну. Ар Iэпкълъэпкъым и Iыхьэ нэхъ лъапIэ дыдэу ябж.

**Данием** ущыхьэщIэу зыгуэрым и щхьэгъубжэм къэрал ныпыр къыдигъэжауэ къэплъэгъуамэ, а унагъуэм къыщалъхуа махуэ щагъэлъапIэ.



**Алыджым** я деж хьэщIапIэ ущыIэу я унэлъащIэм ущытхъу щIэмыхъунур пщIэрэ? Абыхэм хабзэжьу яIэщ хьэщIэм унэм щIэлъ хьэпшып гуэр игу ирихьамэ, тыгъэу иратын хуейуэ. НэгъуэщI лъэпкъ зыбжанэми яIэщ мы хабзэр.



**Норвегием, Японием** ущыхьэщIэу удз гъэгъакIэ узэгуэкIуам ухуэупсэнумэ, абы я бжыгъэр тIурыгуэшу щытын хуейщ. ТIум хуэбгуэш мыхъумэ, е закъуэмэ, ар зэшу ябжри яфIэфIкъым. Зы гъэгъар кхъащхьэм яхьурэ ягъэтIылъ.

Ди къэралым и хабзэр нэгъуэщIщ: тыгъэу ятыр 1, 3, 5 хъухэрщ, тIурыгуэшхэращ кхъэм яхьыр.

ЩIалэ цIыкIур щыуащ...

**Чынтым** бжыгъэ «4»-р фIыуэ ялъагъукъым, езым я бзэкIэ «лIэн» псалъэм и къэпсэлъыкIэм ещхьщи. Абы къыхэкIыу къатитхуу зэтет унэм и еплIанэр тетхауэ умыгъуэтынкIэ хъунущ.

*КЪАМБОТ Мариannэ*



МафIэдз, сеныч – спички



ДзэлъэщI – зубная щётка, зубная паста



МастэIуданэ – иголка с ниткой



Жьауэ – зонт

ДУНЕЯПЛЪЭ

# ХЬЭРШЫМ УХЭТ ХУЭДЭЩ!



**«Флай» гейзер** *(Невада)*. 1916 гъэм ФлайкIэ зэджэ хъупIэм псыкъуий къыщатIу, зэрымыщIэкIэ, псы хущхъуэ куутI Iууащ. 1964 гъэм псы пщтырыр къыдэкIуейуэ щIидзэри, абы щIы щхьэфэр игъэткIум щIыпIэм зригъэхъуэжыурэ – мы хьэлэмэтыр къэхуташ.



**Тхьэгъэлэджхэм* я бгъуэнщIагъ** *(Зеландие)*. Илъэс мелуан ипэкIэ мы щIыпIэхэр хым щIихъумэу щытащ. БгъуэнщIагъым псыр щижым, абдеж тхьэгъэлэдж телъыджэ цIыкIухэр щызэхуэсащ. Апхуэдэ гъудэбадзэ лIэужыгъуэ мыбдеж фIэкIа зыщIыпIи щыщыIэкъым. Абыхэм ущеплъкIэ вагъуэбэ уэгум удэплъейуэ къыпщохъу. Дахащэщ!



**Драценэ плъыжьхэр** *(Сокотрэ хытIыгу)*. Хъыбарыжьхэм зэрыжаIэмкIэ, ижь-ижьыж зэманым Сокотрэ хытIыгум щыпсэурт пылхэм я лъыр изыф благъуэ къанлы*. Зэгуэрым зи псэ хэкI пылыр благъуэм техуэри, ар ипIытIащ. Абы и лъыр щIым щыхыхьэм драценэхэр къэкIащ.

* *Тхьэгъэлэдж* – пкIауэ лIэужыгъуэ.
* *Къанлы* – гущIэгъуншэ.


Къунтх – удочка


Жэщ уэздыгъэ – фонарь


Лэныстэ – ножницы


Сэ – нож

**Иныжьхэм я гъуэгу** *(Ирландие Ищхъэрэ).* ЗэрыжаIэжымкIэ, Финн Мак Кумал зи цIэ лIыхъужь абрагъуэр псым щышынэрт. Ауэ абы хуабжьу и нэр къыхуикIырт Стаффа хытIыгум щыпсэу Голл иныжь нэ закъуэм зрипщытыну. Псым хэмыхьэу иныжьым и деж нэсын папщIэ, мы гъуэгу гъэщIэгъуэным Кумал махуиблкIэ елэжьащ. Гъуэгум 275-рэ метр и кIыхьагъщ, метр 150-кIэ псы щIагъ защIэу макIуэ.



**Псы Iуфэ лыд** *(Ваадху хытIыгу).* Сурэтым щыфлъагъу мы хьэлэмэт цIыкIухэр псым хэс тхьэгъэлэджхэращ. Абыхэм еплъын папщIэ щIыпIэ жыжьэхэм къикIыурэ цIыху куэд къокIуалIэ Ваадху хытIыгум.



**Ретбэ гуэл** *(Сенегал).* Тхьэмбылыфэ гуэл телъыджэм хэлъ шыгъум и куэдагъыр 40 % мэхъу. Абы къыхэкIыу псым Dunaliella Salina-кIэ зэджэ бактерием хуабжьу зыщаужь. Абыхэм псым и плъыфэм зрагъэхъуэж. Мы гуэлым дакъикъипщI нэхъыбэрэ ухэт хъунукъым, уи узыншагъэм зэран хуохъу, уи фэр ес.



***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ***



Нэрыплъэ – бинокль



ЩIыIалъэ – термос



Чэтэн унэ – палатка



Шыуан цIыкIу – котелок

*Жып псалъалъэр зыгъэхьэзырар* ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***

# ЗыIухуэм и Iур къегъафIэ

**Адыгэм ди шхыныгъуэхэр зыIухуэм ягу ихужкъым. Iуэхугъуэ къэскIэ шхын хэха яIэщ: хьэгъуэлIыгъуэ Iэнэ; хьэщIэ Iэнэ; тхьэрыкъуэф Iэнэ; зекIуэ гъуэмылэ.**

## Гъуэгу гъуэмылэ

Губгъуэм щылажьэм е псыхъуэм зыщызыгъэпсэхухэм шэджагъуашхэу здахыр гъуэмылэщ. Ар ерыскъы псынщIагъуэщ. Абы къыщхьэщокI зекIуэ гъуэмылэр.

ЗекIуэ здахым къэуат щIэлъщ, куэдрэ зэIыхьэкъым, шум тыншу къэлъэтмакъкIэ кърешэкI: е гъэгъуащ, шыуащ, хьэжащ, гъэлыгъуащ икIи гъэхьэзырыгъуафIэщ. *(Кхъуей плъыжь гъэгъуа, лыгъур, хугу, хьэлу, хьэкъурт, хьэлыуэ, тхъурымбей, н.къ.)* Иужьрейр мазэ бжыгъэкIи щылъщ зэмыкIуэкIыу. ЗэрапщэфIу щытам фыхуей?

## Тхъурымбей догъажьэ

**Хэтлъхьэнухэр:**

Фо.

Хьэжыгъэ.

Тхъу гъэвэжа.



**ЗэрытпщэфIынур:**

Тхъу гъэвэжамрэ фомрэ хужь хъуху зэхыдоущабэ. Абы хьэжыгъэ хыдокIутэри допщ. Тхьэвыр зэпкърыщэщу щытын хуейщ. Ар хъурей цIыкIуурэ зэпыдоч, хьэкум идогъэувэри тхъуэплъ хъуху догъажьэ.



***АБРОКЪУЭ Беллэ***

# "ПЭЖ Е ПЦIЫ?"

**УпщIэхэм жэуап ет, хьэрфхэр зэщIэпщыпэурэ ирикIуэ. Уи жэуапхэр пэжмэ, гъуэгуанэ теувэм здищтэ шхыным зэреджэр къэпщIэнщ. А псалъэр илъабжьэм кIэщIэт хурейхэм итхэж.**

1. Къэуатышхуэ зиIэ ерыскъыгъуэу адыгэм яIащ ху мэжаджэр.

пэж — ГЪУ
пцIы — А

2. ДжэдыкIэм къыхащIыкIыу адыгэм шхыныгъуэ яIакъым.

пэж — В
пцIы — Э

3. Ди хэкум щыхьэщIахэм жаIэ адыгэр IэфIу зэрыпщафIэр, зэрыерыскъыфIэр.

пэж — М
пцIы — Р

4. Иджы хуэдэу, япэ щIыкIэ Iэнэр ягъэуву, итIанэ шхыныр тралъхьэу щытакъым. Iэнэр уэздауэ ягъэувырт.

пэж — Ы
пцIы — Н

5. ЦIыхум я шхыныгъуэхэм ехьэлIа хабзэ адыгэм яIэу щытакъым.

пэж — У
пцIы — Л

6. Адыгэм къагъэсэбэпырт ерыскъыпхъэу: гъавэхэкIхэр, лыхэкIхэр, гъэшхэкIхэр.

пэж — Э
пцIы — С

*КЪАМБОТ Марианнэ*


Мысачэ Мурат
ВАГЪУЭ-3
Теплъэрыlуатэ (комикс)
– Иджыри зэ сыкъэбгъэпцIэнщи, уи фэр зэрыцIынэу тесхынщ, къыбгурыIуа?!!
– УкъимыкIуэтыт. Быдэу уи фIэщ щIы, мыбы уи щхьэ мыхъейуэ уафэ щыгум утригъэтIысхьэнукIэ!
– Уа-а-а, мыр сыту дахащэ!
– Мо хъуреишхуэм сыдэкIуеинти-тIэ.


– Сыту уерыщтӀэ уэ, дауэ пщӀыми мыбы укъэсащ.
– Уэ уздэщымыӀэ дунейр сфӀэӀэфӀыжтэкъыми, уи деж сыкъэкӀуащ.
– Сэ согуфӀэ, сыкъыбдэфэну сыхуейщ!
– Щхьэ нэщхъей укъэхъуа? Уигу иримыхьар сыт? Укъыздэзэша?
– Си хэкур сигу къэкӀауэ аращ... ЩӀым сыщызекӀуэу, бгыхэм сахудэплъейуэ, бзухэр бзэрабзэу, жыг тхьэмпэхэр щхъыщхъыу...
– Уэ уафэм ущыщӀалэ щхьэкӀэ щӀылъэм жьы ухъуауэ бгъэзэжыфынуращ... Зэман куэд дэкӀащ.


– Сыт пхуэсщIэн-тIэ? Лъэтэж уи хэкум, ар зэгъэлъагъуи къэгъэзэж, ауэ щIылъэм утеувэ хъунукъым.


– Сэлам, къуэш!
– Iэгъуэзубиллахьирэ... мы уэгум ит емынэр нэкъыфIэщI, хьэмэ сыт? ИкIи къызопсалъэ.


– Уа-а-арэ, си къуажэжьырай мыр!.. Сэ зыкIэ сыхуейщи уи уэрамым срикIуэну!


ЛIыгъур хуэмышэчу вагъуэм къелъащ икIи зэуэ и лъэр щIэщIащ.


– Уа-а-рэ, нанэ! Нанэ! Еплъыт... уафэм дадэ къехуэхащ!
– Жэи, си нану, уи дэлъхухэм къеджэ, а дадэм дэIэпыкъун хуейщ.
– Ассымыгъуэ, ЛIыгъур, мыр уэра?! Сыт щIа уззрызмылъагъурэ!


– Уэ убзэха иужь сэ куэдрэ сыгуIащ, итIанэ щIалэфI сыхуэзэри сыдэкIуащ. Ди быным я быным я быныжхэр ди куэщI исщ иджы. Уи анэр куэд щIащ дунейм зэрехыж-рэ. Дэ щIэтлъхьэжащ. Уи унэ нэщIыр щIыбышэ хъуауэ къыппоплъэ, зезыхьэн имыIэу… А унэм ущыпсэу хъунущ.
Хьэцацэрэ ЛIыгъуррэ зэхуэзэжащ.


ЛIыгъур и закъуэ дыдэу Iуплъащ и жьыгъэм, унагъуи быни имыIэу. Ар уафэм доплъей куэдрэ, зэгупсысыр умыщIэу. Зэм погуфIыкI, зэми и нэпсыр и нэкIу зэлъахэмкIэ къожэх.


Вагъуэ цIыкIум ЛIыгъур занщIэу щыгъупщэжри къакъэ-пщIыпщIу ежьэжащ. Абы нурыр къыIурихыу дахэщ: е зимыхъуэж е жьы мыхъу, е… аращ ар сытми, а зэры-Вагъуэщ!



# САБЫН ТХЪУРЫМБЭ ДОШӀ

**Дызыхуеинухэр:**

псы стэчан;
хьэкъущыкъу зэратхьэщӀ ткӀуаткӀуэ *(фейри)* – стэчан ныкъуэ;
глицерин – 50 г;
тхъурымбэ шэрыб зэрыдутӀыпщыну бжьамий цӀыкӀуу – 10 *(ухуеймэ нэхъыбэ)* зэкӀуэцӀыпхауэ.



*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
***«НУР»***

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 8 2022 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

**Главный редактор**
*Б. М. АБРОКОВА*

**Редактор**
*М. КАМБОТОВА*

**Художественный редактор**
*М. ХАЛИЛОВА*

**Компьютерная вёрстка**
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

**Корректор**
*Ф. КАШИРГОВА*

**Редакционный совет:**
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 25.07.2022 г.
Выход в свет 25.08.2022 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1268 экз.
Заказ № 1599
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.